Адыгэлl щэджащэ Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ зэрыдэкlрэ нобэ ильэси 178-рэ ирокъу

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКlЫАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКl

№140 (21.048) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокl ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гу зылъытапхъэ

Пэжымрэ щlымрэ

Дызэрыщыгъуазэщи, прессэм иужьрей зэманым тхыгъэ зыбжанэ къытрадзащ Іуащхьэмахуэ ягъэу дэкlа гупым теухуауэ. Абыхэм яхэтщ тхыдэр зэзыхьэкlхэр, зекlуэр зэрекlуэкlам теухуа пэжыр къагъэлъэгъуэным и пlэкlэ, щlыхуэр зыгъэжакъуэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэм ящыкlэ щlэджыкlакlуэхэр щlоупщlэ: «Икlэм-икlэжым, хэт хъуну Іуащхьэмахуэ щыгу ягъэ дыдэу ихьа Хьэшыр Чылапыр? Сыт хуэдэ лъэпкъым щыщ ар? Тхыдэ дэфтэрхэм а экспедицэм теухуауэ жаІэр сыт?» Апхуэдэ упщlэхэм эжуап пыуХыкlа яритыну ди гугъэщ нобэрэй къыдэкlыгъуэм щlыгъу, напэкlуэщ 16 хъу гуэдзэным.

Ди газетым ягъэ дыдэу тредз Урысейм Щlэныгъэхэмкlэ и Академием и академик Кулфер Адольфрэ мэжэр зыплъыхьакlуэ щэрыlуэ Жан-Шарль де Бессэрэ я гукъэкlыжхэр, апхуэдэуи 1829 гъэм Іуащхьэмахуэ дэкlа щlэныгъэ экспедицэм хэтахэу Минвод щыналъэм и архитектор Бернардацци Джузеппе, Емануэль инэралым и гупым хэта офицер, «Тифлисские ведомости» газетым штатым хэмыт и корреспондент Щербатов Александр сымэ ящlа суэрхтэр.

Тхыгъэр франджыбзэмрэ нэмыцэбзэмрэ кърахыу урысыбзэм къызэрырагъэзэгъам хуэдэу тыдодзэ, ищхьэкlэ зи гугъу тщlа упщlэхэм ягъэпlейтей ди мылъэпкъэгъуэгъэ къеджэфын хуэдэу. Араущи, тхыдэм и пэжыпIэм щыгъуазэ зыфщыну фыхуеймэ, фыкъеджэ «Адыгэ псалъэ» газетым и нобэрей къыдэкlыгъуэм и гуэдзэным.

Мироновым Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым щыlащ

● ЗэIущIэхэр

УФ-м и Федераль Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщl Миронов Сергей къэралыр Іуэхуэкlэ къызэрыкlуахьыр щlидзащ. Бадзэуэгъуэм и 19-м ар щыlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Іуащlащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федераль Зэхуэсым и Ищхьэ палатэм и спикерыр республикэм и Парламентым и депутатхэм, Правительствэм хэтхэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ икlи ахэр къыхуриджащ къэралым и Ищхьэ лъэныкъуэ щыпlэм зегъэужьыныжмкlэ щыlэ программэм Іуэхугъуэ пыухыкlахэр хальхъаныу. Ищхьэ щlыналъэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа Іуэхугъуэхэм кьищынэмыщlауэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ проект нэхъыщхьэхэр гъэзэщlа зэрыхъум, нэгъуэщlхэми.

Миронов Сергей щlэщхуэ хуищlащ КЪБР-м и Президентым и лэжьыгъэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ сэрэ дытепсэлъыхьащ къэралым, фи щыпlэм я дежкlэ зи тхэуэ щыт кьалэн зыбжанэм. Ахэр къызэрыгурыIуэм, зэфIэгъэкlа хъун щхьэкlэ илэжьым щыгъуазэ зыпщlа нэужь, пхужьIэнущ республикэм и унафэщIыр къэрал лэжьакIуэ нэсу щыту, Іуэхум фIыуэ хищlыкlыу, нэхъыщхьэращи, абыхэм хэкlыпIэ яхуэщlыфынур ищIэу, - жиIащ Федерацэмкlэ Советым и Іэтащхьэм.

А махуэ дыдэм Миронов Сергей щыIащ Налшык кьалэм и кардиологие центрым.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуэщlапlэ.

Кадрхэр гъэхьэзырыным теухуауэ

● Дыгъуасэ

КЪБР-м и Унафэщl Кьанокъуэ Арсен дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щрагъэкlуэкlащ республикэм и Президентым деж Хьэрычэтыщlэ Іуэхуэмкlэ щыlэ советым и зэIущIэ.

АБы ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ хуэздзэ **Тхьэзэпlтыж Мурат** УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкlыхэу Ищхьэ федераль округым щыlэм и Аппаратым Къэбэрдей Балъкъэрымкlэ и федераль нэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, министрхэр, языныкъуэ кьалэ, район администрацэ хэм я Іэтащхьэхэр, банк унафэщlхэр, хъэрычэтыщlэ, налог Іуэхущlапlэхэм я лIыкlыу хэр.

ЗэIущIэм убгъуауэ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм пэщу зезыгъэзэтыфыну кадрхэр гъэхьэзырыным, хъэрычэтыщlэ щыкlым республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ зыщегъэужьыным, налог щыхуэхъуэ зытелъ Іуэхущlапlэхэу ахэр зыхуэмыпшынымжыныхэм ящlкъэщlыхым теухуа Іуэхугъуэхэм.

ЗэIущIэр зэрекlуэкlам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкlыгъуэхэм ящlащ зым тетынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Хьэшыр Чылар.
Сурэтыр **ОРЛЕНКЭ Виктор** *щlащ.*

Зыхунэмыс щыщlэныгъэхэм трагъащlэ

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкlуэкlащ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я финанс-хозяйственэ Іуэхущlафэр зыхуэдэр щыIэпкьраха зэIущIэ.

АБы ШИДЗЭН и пэ кьикуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым зэкlэлъыкlуэу я кьутеувыащ республикэм и куейхэм я зыужьыкlэр кьыззэрыщlихьым, мыхьэнэшхуэ зиIэ а дэжьыгъэр щlыпlэхэм лъэщу щыщlэгъэхуэбжьэн, щыщlэныгъэхэр кьыззэкlыным Іэмалхэмрэ хэкlыпIэхэмрэ ерыщу хуэхэщlэгъуэуэн зэрыхуейм.

Президентым и Іуэху еплыкlэхэр игъэнаIуа нэужь, зэхуэсахэр едзэуащ муниципальнэ районкlэмрэ кьалэ округхэмрэ я Іэтащхьэхэм я отчет кlэщlхэм.

ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ кьуэдзэ **Тхьэзэпlтыжж Мурат**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкlыуэ ЮФО-м щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрымкlэ и федераль нэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, министрхэр, ирагъэблагъэ хьэщlэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

«Анэ щlыхь» медалым и теплъэхэмрэ и щапхъэхэмрэ икlи «Анэ щlыхь» медалым щlыгъу тхыгъым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал наградэхэм я Іуэхуэкlа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и «б-1» пунктым ипхъ иткlэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещlэ:**

1. «Анэ щlыхь» медалым и теплъэр 1-нэ гуэдзэным ипкъ иткlэ, «Анэ щlыхь» медалым и щапхъэр 2-нэ гуэдзэным ипкъ иткlэ къыщlтэн.
2. «Анэ щlыхь» медалым дэщlыгъу тхыгъым и теплъэр 3-нэ гуэдзэным ипкъ иткlэ, «Анэ щlыхь» медалым щlыгъу тхылъым и щапхъэр 4-нэ гуэдзэным ипкъ иткlэ къыщlтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщl
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык кьалэ
2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м
№1202-II-П

● Тэрч куей

Лъэныкъуэ, еджэпlуэ хуейхэм ящlэныгъэкlуэ

ЦIыхухэр лэжьапIэкlэ къыззгъэпэщынымкlэ Тэрч куей центрым иджыпсту Іуэхущхуэ ирегъэкlуэкl щlалэгъуалэм ядэIэпыкъуным теухуауэ. Мы гъэмахуэм центрым еджакlуэ игъэкlуащ унагъуэ хуэмыщlащхэм къыхэкlа ныбжьыщlэ 55-рэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми нобэрей зэманым нэхъ зэрыхэзгъэну Іэщlагъэ щхьэхуэхэр къыщратынущ КЪБР-м и профессиональнэ лицейхэм, Центрым и щlэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкlэ, нобэм къэс мы Іуэхумкlэ зэгурыIуэныгъэ зращlылIэу щытар ирагъаджэ студентымрэ ар здагъакlуэ еджапIэмрэт. Нэхъыщlхьэр - ахэр лэжьапIэкlэ къыззгъэпэщыжыныр - дэ хурт. Нобэ а къалэнр центрым пщэрылъ къыщащlащ. Иджы еджапIэр къэзыуха щlалэгъуалэр лэжьапIэ кьалhыхьуэжу дэмыту, хуагъэхьэныра Іэнатlэм пэрыхьэнущ.

Хуэмыщlауэ псэу унагъуэхэм щыщу иджыри цIыху 25-рэ еджапIэ ягъэкlуэну кьыхатхыкlащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми лэкъапIэнщэхэм я пособием хуэдиз ахьшэ стипендиеу кьратынущ. Апхуэдэу центрыр ядоIэпыкъу лэжьыну хуей школакlуэмми. Абыхэм ящыщу 200-м пIаблэкlэ щыlэжьэн кьыхуагъэтащ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Гъэрхэр къаутIыпщыж

Израильм кьнутIыпщыжащ къэралым и лъхъэщхъэм гъэру щlыгъэ падестин 256-рэ. Абыхэм щlыхубхэри яхэтщ. Псори зи фIыгъэр Израильм террорист зэгухьэныгъэу кьиныгъэ ХАМАС-м щыщхэр автономием и Іэтащхьэ Аббас Мыхьмудеым и правительствэм зэрыгъэкlари.

Аббас Мыхьмуд Тель-Авив къитэгъэщащ щытыкlэр езыгъэфIэкlуэну Іуэхухэр дяпэкlэ илэжьыну.

ЗэгурыIуэныгъэм и гъуэгукlэ

«Лъэныкъуэтlми щlэ хуащlын хуейщ нэгъуэщl къэралхэм щыкlуэ хабзэхэм», - жиIащ Урысейм и Президент Путин Владимир. УФ-мрэ Инджылызымрэ я зэхуакум нужь зэманым щыхэфIэуба щытыкlэхэм я гугъу щlащlым.

Абы кьыхигъащ къэралитIым яку кьыдэхьуахэр ямылей гуэру зэрыщымытыр икlи ахэр псынщlэу зэтес зэращlыжьну Іэмалхэр зэрыщlэр.

Сербием идэркъым

Косоов пыщlа Іуэхур ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым кьыщыхальхьэнрэ кьыщыхамылъхьэнрэ белджылы хъун хуейщ дыгъуасэ и жэщым.

США-м, Инджылызым, Франджым къыхалъха Іуэху бгъэдыхьэкlэм тепщlыхьмэ, Косовэ щlыналъэ щхьэхуэу кьалhыгъ. Ар Сербием идэркъым. Абы и мыраэзыныгъэр деIыгъ Урысейми. Ди къэралым ветэ трильхьэмэ, Щынагъуэншагъэмкlэ Советым унафэ кьищтэн хуэзэфIэкlынукъым.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 21, *щэбэт*

♦ Бельгие къэралыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - пащтыхым тхъэрыIуэ щита махуэщ (1831).

♦ Илъэси 10 и пэкlэ (1997) УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ тридзащ «Урысей Федерацэм и къэралыблыкур приватизацэ щlыным икlи муниципальнэ мылъкур приватизацэ эращlынум и лъабжьэхэм я Іуэхукlэ» Федерал хабзэм.

♦ Вязники кьалэм (Владимир область) усыгъэмрэ уэрэдымрэ я пшыхь щекlуэкlынущ Хэку зауэшхуэм хэта усакlуэ Фатьянов Алексей и фэеплъ.

♦ Илъэси 110-рэ и пэкlэ кьалhуащ совет дзэ лэжьакlуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и Лhыхьужь (1945) Соколовский Василий (1897 - 1968).

♦ Илъэс 70 и пэкlэ кьалhуащ спортым футболымкlэ щlыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион (1956), СССР-м и футболым и тхыдэм хэта гъэщlхьауэ нэхъыфIдыдэхэм ящыщу кьалhыта Стрельцов Эдуард (1937 - 1990).

♦ Ди эрэм и пэкlэ 365 гъэм кьалhуащ дзэзешэ цIэрыIуэ Македонский Александр. Ди эрэм и пэкlэ 323 гъэм лIащ.

♦ 1899 гъэм кьалhуащ американ тхакlуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкlэ и лауреат Хемингуэй Эрнест. 1961 гъэм лIащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlащ сыхьэт 5-рэ дакъикъ 43-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 44-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 15-рэ зы дакъикъ-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦ **Москва и уэгур зыхьумахэм я махуэщ.** 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 21 - 22-хэм я жэщым ПВО-м и кьарухэм хэщlыныгъэ ин ирагащ Москва кьебгъэрыкlуа фашист авиацэм. Щlыхь 32-м фlащащ Совет Союзым и Лhыхьужь цIэр.

♦ Тыркум зи мычэзу президент, парламент хэхьныгъэхэр щокlуэкlи.

♦ Камеруным и Лъэпкъ зэхуэсыр (парламенту) хах.

♦ 1914 гъэм кьалhуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакlуэ, Социалист Лhыжьгъэм и Лhыхьужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIыщокъуэ Алим. 2001 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ 1928 гъэм кьалhуащ Социалист Лжьыгъэм и Лhыхьужь Іэбубэчыр Нэжмудин. 1987 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlынущ сыхьэт 5-рэ дакъикъ 44-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 43-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъ 59-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 23, *блыщхь*

♦ Errepublik Хьэрыл Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1952).

♦ Илъэс 33-рэ и пэкlэ Грециэм «полковник фIыцIэхэм» я тепщэныгъэр щыIуагъэкlуэтри, демократиер щlэзэфIагъэувэжащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 45-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 42-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъ 57-рэ.**

Планэлэр зыгъэзэжьхэр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэхугъэ

Сихалъэм дагъуэщэ етlэщlкlу

● КЪБР-м и Парламентым

ЩlыхьтхылъхэР - Адыгейм и депутатхэм

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщl Бечелов Ильяс щlэрыль кьыщыщlауэ Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ комитетым и унафэщl Ахъэухъу Кьанщобий хэтащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и 17-нэ сессием и зэIущIэм.

КЪУЭШ республикэм и законхэр кьыдэзыгъэкlхэм я пащхьэм кьыщыщыпсалъэм, Ахъэухъу Кьанщобий а зэIущIэм кьрихьэлIа, Адыгейм и Президент ТхьэкlуцIыпIэ Ал.ьэнджэрий ехьэухъащ и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъуамкlэ икlи «Хэкум и пащхьэ щlэ фIыщIэхэм пащlэ IV нагъыщ» орден лъапIэр кьызэрыхуащlыгъэфэщамкlэ. Абы апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и щlыхь тхылъхэр яритащ Адыгейм и Парламентым и ящlэ, етIуанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутатхэм. Мы Іуэхур ирырагъэхьэлIащ Адыгэ Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкlи и Хасэр илъэс 15 щрикъум.

Ахъэухъу Кьанщобий кьуэш республикэм и Парламентым и депутатхэр щыгъуазэ ищlащ 2006 гъэм КЪБР-м и республикэ бюджетыр гъэзэщlа зэрыхьуам икlи «2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукlэ» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзащlэм.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущlапlэ.

Абхъазым зрагъэужь

АБХЪАЗ. ***«Абхъазщlакъуэ» къэрал компанием и сату щlыпlэхэр Сыхэм кьыщыгъуэныжым теуха зэIущIэ щlилъ правительствэм иджыблагъэ щекlуэкlащ.***

ПСАЛЪЭМ папщlэ, унафэ кьащтащ «Абхъазщlакъуэ» къэрал компанием и щlакъуэр щапIэу тыкуэнихь Сыхъум къыщыгъэIуахыну, икlи ахэр щагъэувыну щlыпIэхэри яубэныхуащ. ЗэIущIэр иригъэкlуэкlащ республикэм и правительствэм и вице-премьер Лакербая Леонид.

Апхуэдэуи абы къыщыхэщащ Москва и правительствэм республикэм и инвестицэ проектхэм ахъщэ къыхилъхьэну зэрыхьэзырыр. Псом хуэмыдэу энергетикэмрэ узынщагъэр зыужьмэныкlэ Іэнатlэхэм. Абы нэмыщlкlэ щыгъуазэ щlащlу турист, курорт комплексхэм зегъэужьыныжмкlэ Абхъазым Москва правительствэр дэIэпыкъуну.

«Сочи щекlуэкlыну щlыпlмахуэ Олимпиадэм ди ныбжьэгъу, ди къуэш, ди гъунэгъуфI Абхъазыр хэмытыну ди нэгу къытхущlэгъэхьэркъым», - жиIауэ щытащ Іуэхум теухуауэ Лужков Юрий.

Іэмал ягъуэт

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ дяпэкlэ Іэмал ягъуэтынущ лъэпкъ проектхэр щыналъэм зарыщагъэзащlэм теуха хъыбархэр эфир занщlэкlэ федерал центрым ирагъэщlэну.***

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Іуэхущlапlэм къызэритамкlэ, видеоконференц ирагъэкlуэкlым щхьэкlэ зыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр кьащтэхуакlащ, языныкъуэ аппаратухэри падзащ. Республикэм и министрхэмрэ лъэпкъ проектхэм пыщlауэ лажьэ Іуэхущlапlэхэм я унафэщlэхэмрэ федерал центрым эфир занщlэкlэ щепсалъэнущ. Федерал инспектор нэхъыщхьэу Адыгейм щыlэм и хэщlапIэм.

Япэу екlуэкlа телевэпыщlэныгъэм хэтауэ щытащ Урысей Ипщэм и щlыналъэхэм я унафэщlхэмрэ федерал кьулыкъуэхьэхэмрэ. Адыгейм, зыхуей техникэ Іэмэпсымэхэр зэримыIэм къыхэкlыу, зэпсэлъэныгъэр дигъэхуауэ щытащ.

Дызэрыт илъэсым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Черкесск кьалэ администрацэм инвестицэ проектитI игъэхьэзыращ «Кубань-2007» экономикэ форумым щигъэлъэгъэну.***

ЯПэ ПРОЕКТЫР теухуащ гъунlI-бетон завод ухуэным. Ар и уасэнущ еврэ мелуани 5,5-рэ. ЕтIуанэ проектым еврэ мелуани 2,5-рэ текIуэдэнущ. Унэ панелхэр кьыщыщlагъакlи завод абыкlэ яухуэну я мурадщ. Черкесск кьалэ администрацэм и лъэныкlуэхэм зэрыжаIэмкlэ, заводкэр ухуэным илъэсрэныкъуэрэ ихьынущ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и правительствэм и мурадщ дызэрыт илъэсым псэуПIэу метр забгъуэзнатlэ мин 90 иухуэну. Урысей Федерацэм Щlыналъэщlэныгъэмкlэ и министерствэм республикэм кьыхуигъэувэ бжыгъэр зэрыхъэр метр забгъуэзнатlэ мин 84-щ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЗэIущIэхэр ■ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Фэеплъ ■ Щбэт къыдэкlыгъуэ ■ Малъхъэдис

Дунейм щlэныгъэкlэ

Гъэрхэр къаутIыпщыж

Израильм кьнутIыпщыжащ къэралым и лъхъэщхъэм гъэру щlыгъэ падестин 256-рэ. Абыхэм щlыхубхэри яхэтщ. Псори зи фIыгъэр Израильм террорист зэгухьэныгъэу кьиныгъэ ХАМАС-м щыщхэр автономием и Іэтащхьэ Аббас Мыхьмудеым и правительствэм зэрыгъэкlари.

Аббас Мыхьмуд Тель-Авив къитэгъэщащ щытыкlэр езыгъэфIэкlуэну Іуэхухэр дяпэкlэ илэжьыну.

Гъуэнэгу зэхуохьуж

Урысейм нэхъ кьигъэщlабащ Кържым и щlыгъуэ ди къэралым къэкlуэн папщlэ виз зэрырат хабзэхэр.

Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзар Іуэху зезыхьэ щlыхуэмрэ студентхэмрэ нэхъ тынщу зекlуэныр.

Мы Іуэхур щыхьэт тохьуэ Урысейр Кържымрэ я зэхущытыкlэхэр нэхъ зэтес зэрыхъужьам.

(ИТАР-ТАСС).

ЗэгурыIуэныгъэм и гъуэгукlэ

«Лъэныкъуэтlми щlэ хуащlын хуейщ нэгъуэщl къэралхэм щыкlуэ хабзэхэм», - жиIащ Урысейм и Президент Путин Владимир. УФ-мрэ Инджылызымрэ я зэхуакум нужь зэманым щыхэфIэуба щытыкlэхэм я гугъу щlащlым.

Абы кьыхигъащ къэралитIым яку кьыдэхьуахэр ямылей гуэру зэрыщымытыр икlи ахэр псынщlэу зэтес зэращlыжьну Іэмалхэр зэрыщlэр.

Сербием идэркъым

Косоов пыщlа Іуэхур ООН-м Щынагъуэншагъэмкlэ и Советым кьыщыхальхьэнрэ кьыщыхамылъхьэнрэ белджылы хъун хуейщ дыгъуасэ и жэщым.

США-м, Инджылызым, Франджым къыхалъха Іуэху бгъэдыхьэкlэм тепщlыхьмэ, Косоов щlыналъэ щхьэхуэу кьалhыгъ. Ар Сербием идэркъым. Абы и мыраэзыныгъэр деIыгъ Урысейми. Ди къэралым ветэ трильхьэмэ, Щынагъуэншагъэмкlэ Советым унафэ кьищтэн хуэзэфIэкlынукъым.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 21, *щэбэт*

♦ Бельгие къэралыгъуэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - пащтыхым тхъэрыIуэ щита махуэщ (1831).

♦ Илъэси 10 и пэкlэ (1997) УФ-м и Президент Ельцин Борис Іэ тридзащ «Урысей Федерацэм и къэралыблыкур приватизацэ щlыным икlи муниципальнэ мылъкур приватизацэ эращlынум и лъабжьэхэм я Іуэхукlэ» Федерал хабзэм.

♦ Вязники кьалэм (Владимир область) усыгъэмрэ уэрэдымрэ я пшыхь щекlуэкlынущ Хэку зауэшхуэм хэта усакlуэ Фатьянов Алексей и фэеплъ.

♦ Илъэси 110-рэ и пэкlэ кьалhуащ совет дзэ лэжьакlуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и Лhыхьужь (1945) Соколовский Василий (1897 - 1968).

♦ Илъэс 70 и пэкlэ кьалhуащ спортым футболымкlэ щlыхь зиIэ и мастер, Олимп чемпион (1956), СССР-м и футболым и тхыдэм хэта гъэщlхьауэ нэхъыфIдыдэхэм ящыщу кьалhыта Стрельцов Эдуард (1937 - 1990).

♦ Ди эрэм и пэкlэ 365 гъэм кьалhуащ дзэзешэ цIэрыIуэ Македонский Александр. Ди эрэм и пэкlэ 323 гъэм лIащ.

♦ 1899 гъэм кьалhуащ американ тхакlуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкlэ и лауреат Хемингуэй Эрнест. 1961 гъэм лIащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlащ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 43-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 44-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 15-рэ зы дакъикъ-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦ **Москва и уэгур зыхьумахэм я махуэщ.** 1944 гъэм бадзэуэгъуэм и 21 - 22-хэм я жэщым ПВО-м и кьарухэм хэщlыныгъэ ин ирагащ Москва кьебгъэрыкlуа фашист авиацэм. Щlыхь 32-м фlащащ Совет Союзым и Лhыхьужь цIэр.

♦ Тыркум зи мычэзу президент, парламент хэхьныгъэхэр щокlуэкlи.

♦ Камеруным и Лъэпкъ зэхуэсыр (парламенту) хах.

♦ 1914 гъэм кьалhуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакlуэ, Социалист Лжьыгъэм и Лhыхьужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КIыщокъуэ Алим. 2001 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ 1928 гъэм кьалhуащ Социалист Лжьыгъэм и Лhыхьужь Іэбубэчыр Нэжмудин. 1987 гъэм дунейм ехьжащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 44-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 43-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъ 59-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 23, *блыщхь*

♦ Errepublik Хьэрыл Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1952).

♦ Илъэс 33-рэ и пэкlэ Грециэм «полковник фIыцIэхэм» я тепщэныгъэр щыIуагъэкlуэтри, демократиер щlэзэфIагъэувэжащ.

♦ **Дыгъэр кьыщlэкlынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъ 45-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъ 42-м.**

♦ **Махуэм и кlыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакъикъ 57-рэ.**

Планэлэр зыгъэзэжьхэр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэхугъэ

Сихалъэм дагъуэщэ етlэщlкlу

● Футбол

Фыдзыгъэбгагъэ

Урысей Федерацэм футболымкlэ и премьер-лигэ

ЕтIыкlубланэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань» (Краснодар)

Налшык.

«Спартак» стадион.

Бадзэуэгъуэм и 22-м, сыхьэт 20.30-м.

Адыгэ псалъэр кьыфIэрыхьэну фыкъуеймэ

Ди щlэджыкlакlуэ лъапIэхэ!

2007 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр республикэм и пощт Іуэхущlапlэхэм щиухащ.

Апхуэдэу гу лъыпэдгъэтэну дыхуейщ бадзэуэгъуэм и 28 щlондэ ди газетым Іэ щlэвдзмэ, ар щыщхьэIум и 1-м щыщlэдзауэ нызэрыфхуахьынуми.

Мазитхум газетым и уасэщ сом 265-рэ.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м кьищта Унафэ №1202-II-П-м и 1-нэ гуэдэхэм

«Анэ щIыхь» медалым и теплъэр

«Анэ щIыхь» медалыр дыжьныифэ металлым кьыхэщIыкIащ, хъурейщ, и диаметрыр мм 34-рэ мэхъу.

ЩIыхьапIэм сабий ныбгъуэ цIыхубэ сурэт тетщ, медалыкум кьыщежьэу лъэныкъуэ псомкIи щытэкIэщIэкI дыщафэ дыгъэпс къудамэхэм кьыхэщу.

ИщхьэмкIэ хъурейм кьыдекIуэкIыу дыщэпс хъэрфхэмкIэ тетхащ «Анэ щIыхь» псалъэхэр. ИльабжьэмкIэ лавр тхьэмпэхэр тещIыхьащ.

ЩIыбагъымкIэ хъурейм кьыдекIуэкIыу, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм» жиIэу тетхащ, и куэ «Медаль» псалъэр тетщ, абы и лъабжьэм зэрызэкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыгъэлъэгъуауэ.

Медалыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал бэрэкьым ещхьу щIа бгъэхэIуэм тхьэгъуэхэмкIэ ныщIащ.

БгъэхэIуэ мастэ лъакъэ иIэщ, медалыр щыгъыным хрыгъэубдэгу.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м кьищта Унафэ №1202-II-П-м и 2-нэ гуэдэхэм

«Анэ щIыхь» медалым и щапхъэр

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м кьищта Унафэ №1202-II-П-м и 3-нэ гуэдэхэм

«Анэ щIыхь» медалым щIыгъу тхылым и теплъэр

Тхылым мм 95х130 и инагъщ.

Тхылыр фIагъыщхуэ зиIэ фэ плъыжь-фIыцIафэм кьыхэщIыкIащ, псалъэхэр дыщэпс хъэрфхэмкIэ тетхауэ. Тхылым и ЩIыхь и ЩIапIэм ищхьэмкIэ тетхащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм» псалъэхэр, ильабжьэмкIэ кьыхэщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и гербыр, абы и лъабжьэм щIэтхащ «Удостоверение» псалъэр, кьыкIэлъыкIуэ сатыриж - «Анэ щIыхь» медалыр щIатыр кьэзыIуатэ тхьигъэ кIэщIыр.

Тхылым и жинтыр зэгуэпхэ, абы тхылымпIэ Iув дэльщ, зэхуэдитIу эзэкIуэльыкIауэ.

Жинтым дэлъ тхылымпIэм «Анэ щIыхь» медалым и сурэтыр тетщ щхъуэкIэпIыкIэу щIауэ, ильабжьэмкIэ «Анэ щIыхь» медалым и псалъэхэр щIэтхащ, а псалъэхэм я лъабжьэм зэрызэкIэлъыкIуэ номерыр кьыщыгъэлъэгъащ.

Жинтым дэлъ тхылым и ижьрабгъу лъэныкъэмкIэ «Анэ щIыхь» медалыр ират» псалъэхэр итхащ, адэкIэ кьоКIуэ «Унэщ1эр, щIэр, адэщIэр», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент», «М.П.», «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ» псалъэхэр.

Къэрал 60-м щIигъум я лIыкIуэхэм къагъэсэбэп

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и официальнэ сайтыр (w.w.w.president-kbr.ru.) дуней псом кIуэ пэтми нэхъ цIэрыIуэ щокъу. Зы мазэкIэ зэрэзэбгыкIэм, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я лъэныкIэ зэхалъхьащи ирихь лажьэу я ягуфIащ а сайтыминджыIазыбгъэкIэ w.w.wpr esident-kbr u./eng/ адресымкIэ уихьэ зэрыхьуну ЩIэпIэ е урысыбзэм уикIыу абы уикIуэ хьунущ нарэкIуэщI нэхъащхьэм ижьырабгъуэкIэ ищ хьэ ,плIанэпэм "English version" жиIэу зытетхам деж тепкъуэгъу. ИнджылызыбзэкIэ зэрадзэкI республикэм и экономикэм, КъБР-м и унафащIхэм я Iуэхущ1эпIэм, федеральнэ центрым зэрадзлажь щыкIэм, республикэм и къэрал щыIэ пыщIэныгъэхэм, инвестицэ политикэм, КъБР-м и Президентыр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ1эхэм зэреплъым, нэгъуэщI жыпIэмэ, хамэ къэрал цIыхухэм я дежкIэ нэхъ гъэщIэгъуэну щытыну зыхуэхъафащ тхыгъэхэр.

А Iуэхум, шэч хэмылъу, зыкъомкIэ заригъэбгъуащ КъБР-м и псэукIэм, Iуэхущафэхэм нэгъуэщI къэрал цIыхухэр щыгъуазэ щIыпмкIэ Iэмалхэм, Абы и щыхьэтщ КъБР-м и Президентым и сайтым кьыхьэ нэгъуэщI къэрал цIыхухэм я бжыгъэм занщIэу зэрыюхэ хъыар. Къапщтэмэ, Германием, Израилым щыщхьэ я сайтыр кьэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр мэжьауэгъуэ мазэм ику иту хуэди 2-кIэ нэхъыбэ хьуащ икIи зэрыгъэкIэлыкIуэкIэ 532-м, 155-м нэсащ. Зи цIыхуэр сайтым кьихьэ къэралхэм я бжыгъэр 60-м щегъу, абыхэм ящыщ США-р, Тыркуэр, Норвегиер, Швециер, ОАЭ-р... А къэралхэм кьыкI письмохэм,нэхъ зыщыщIэупщIэр республикэм и экономикэм инвестицэхэр хэлъхьэнымкIэ щыIэ пльапIэхэр, апхуэдэуи адэжь хэкум къэтэзэжьынымкIэ щыIэ Iэмалхэрщ.

Сайтым апхуэдэуи щIэх-щIэхыуэр кьохьэ урысей къалэщхуэхэм щыпсэуэхэр. Къэбгъэльагъуэмэ, статистикэм эрыжьIэщи, москвадэсхэр КъБР-м и Президентым и сайтым мэкъуауэгъуэ мазэм 16679-рэ, бытыбгъуэдэсхэр - 880-рэ, ростовдэсхэр - 479-рэ кьихьащ. КъБР-м и Президентым и Интернет-приемным псори зэ хэту мазэ кIуам Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ письмо 241-рэ кьыIэрыхьащ. Кьанокъуэ А.Б. езыр кьоджэ дэтхэнэ письмоми икIи абыхэм кьышIэтIуэхэм Интернет-приемным псори зэ хэту мазэ кIуам Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIауэ письмо 241-рэ кьыIэрыхьащ. Кьанокъуэ А.Б. езыр кьоджэ дэтхэнэ письмоми икIи абыхэм кьышIэтIуэхэм я къэралхэм щыпсэрыльэныкъуэ ящыщхьэ щыщ щыIэныгъэхэр кьыхэщIэнымкIэ, ахэр зэхьэлIар щыхьэ щыхьэ я къэралхэм щыпсрыльэныкъуэ ящыщхьэ щыщ щыIэныгъэхэр кьыхэщIэнымкIэ ахэр зи къалэнхэм пщэрыльэ яхуещI. Зэрызыкъыгъэзэхэр кьыхьэгъэзэкIэ зэпкърыхьэныным Iэмал къуэт цIыхухэр зыгъэпIейтей, нэхъ зи чэзу Iуэхугъуэхэр Iупщ псэупIэ зэрамыIэр, коммуналнэ хозяйствэр кIуапIэ имыдIэжу зэретIысэхар, лэжьапIэншагъэр. Дауи, абыхэм ящыщ куэдыр зэфIэгъэкIыным зэман хуейщ, ильэс куэдкIэ зэтрихьа никьуэсанегъэхэр, щыщIэныгъэхэр занщIэу пхуэзэтегъэкIыжынукъым. Ауэ щытыкIэм хуэм-хуэмурэ зэрызихьуэжьынум шэч хэлъкьым. НобэкIэ зыкьомкI зэфIэгъэкIа хьуащ. Псом хуэмыдэу гулыIэт егъуэт зи инфраструктурэр кхъаэ хъуа, кьанэ щымыIэу щIэрыщIэу зэтетгъэпсыхьыкI хуей, апхуэдэу щыщIэныгъэ зыкъыщIэзыгъэкъуэн зэрыкIуэ щIэныгъэхэм я

Дыгъэр зи гъуса лъэпкъыгI щэджащэ

● ГукъэкIыжхэр

ФIыщIагъэм и щапхъэхэр

Зи IуэхущафэхэмкIи, зи дуней тетыкIа дахэхэмкIи уи гум къыдыхьа, уи псэр зыхьхьуа щыхур зэи пщыгъущжыркъым. СэркIэ анхуэдэ щIыхуу щыгащ Кlыщокъуэ Алим. Ар щIыкIыкIэр Алим си къуажэгъу, абы сригушхуэу зэрыщыта къудейркъым - щIэныгъэкIи, акъылкIи, лIыгъэкIи Алыхьыр къызыхуэупсауэ щыта Алим сэ дэсдэгъэуа щIыхуГэрщ. Гулыгэрщ. Псом хуэмыдэу абыхэм ушегупсысыр анхуэдэлIхэр щыпхэмытыжым, абыхэм я пIэм нэгъуэщI къыщимыувэжым дежщ. Ар лъэпкым дежкIэ нэщхьеягъуэщ.

ЗэрыжаIэу, апхуэдэлIхэр иIэсищэм и кIуэцIкIэ лъэпкъым зэ къыхэкIыу аращ. А Iуэху гуфIэгъэнщIэм и хабзэ бзаджэм, ди жагъуэ зэрыхъущи, дэри дыЗщIэкIыну къыщIэкIынкъым. Ауэ си щхьэкIэ сигу зэрызгъэфIыр Алим и щапхъэ хэр щIыхуГэм, Iэзагъэм, лIыгъэм я гъуаэзу дыззрIэнуращ. Си лъэпкъым фIы гуэр хуэсщIащэрэт жызыIэр Кlыщокъуэм дэплъеймэ, щIымыуэну къысщохъу. Сэри хуэпсапIэу аращ сиIэр.

А щIыху тельыджэм дэслъэгъуа гуапагъэр, гуГыптэр си деж къыщыщIэздзэнщ. Литературэ институтым и етIуанэ курсым сыщIэсу арат Мэкъуу Iуэхуэкlэ нэкIуа Алим сыкъынгъуэту сыщигъэсфIам щыгГуэ. Еджэным, тхэным ехьэлIауэ абы къызэта дерсхэр къызэрысхуэщхьэпам щэч хэлъкъым. Зи къуалкъуащхуэхэмкIи, зи творчествэ лъэщымкIи ди республикэмэ къэралми щыщIэрыIуэ Кlыщокъуэм и ущиехэр акъылкъызыхэпхын дерсышхуэт. Мис а 1956 гъэм къыдыщIэдзауэ си гъащIэм нэгъуэщI зыгуэру зихъуэжауэ къыслщыхъуу сыкъэхэрIуэжкIыжауэ, си щхьэм ехьэлIа етIуанэ гуапагъэри гуГыптэри дэслъэгъуащ сэ Алим.

Ар къыщыхъуар ди адэр дунейм щекIыжа 1978 гъэм а гуауэр здигъэпсынщIэу къыс хуигъэхьа телеграммэ ращ. Абдежи щнухакъым сыт щыгГуи Кlыщокъуэм дэслъэгъуа щIыхугъэ щапхъэр: си сымаджагъэ Iуэхукlэ Мэкъуу сыкъыщыщIухута 1981 гъэми щIыщIакIуэ нысхуэкIуат къэралым и тхакIуэхэм я Литературэ фондыр зи Iэмыщ1э илъ, СССР-м и Iэкалуэхэм я союзым и секретарь Кlыщокъуэ Алим. А лIы щэджащэм зэрихьа къулыкъушхуэхэмрэ абы иIа фIэлIыкIи инымрэ я сэбэпи мызэ-мытIэу къыззкIащ: къэралым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкI сьсэдхэм зэпымыуэу хьэщIэу срагъэблагъэу зэрыщытари зи фIыгъэр Кlыщокъуэ Алимщ. Ахэр пщыгъупщэмэ, уфIыщIэмыщIу аращ.

Алим и гулыгIэу нэгъуэщIхэми иIыгъ: куэд слъэгъуащ сэ. Слъэгъуа къудейкъым - сэри апхуэдэ Iуэхущафэ дахэхэм сыщыхишэ щыIэт. Псалъэм папщIэ, сэркIэ гукъинэжщ 1959 гъэм абы дэслъэгъуа щIыхугъэр. Ар зэхъэлар Кlэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащ1э Амыр хьант.

- ГъащIэ зиIэм уахIыгы иIэщ, жи. Къеджэкlи тхэкlи зымыщIэ а дадэ Iущым бгъэдэлъ губзыгъагъэр, абы и хьыбар къомыр, гукIэ зэхилъхьауэ и щхьэм иIъ усэхэр, уэрэдхэр лъэпкъым къыхуэгъэнэн хуейщ, - жери мазэ псокIэ Амыр-хъан сыбгъэдэссыну Кlэхъун сигъэкIуауэ щыгащ. Алим щыуатэкъым: ХьэхъупащIэм къыпхуиIуатэ хэм, уигъэтхэм гъуни нэзи ямыIэр Кlыщокъуэм дэплъеймэ, щымыуэну къысщохъу. Сэри хуэпсапIэу аращ сиIэр.

А щIыху тельыджэм дэслъэгъуа гуапагъэр, гуГыптэр си деж къыщыщIэздзэнщ. Литературэ институтым и етIуанэ курсым сыщIэсу арат Мэкъуу Iуэхукlэ нэкIуа Алим сыкъынгъуэту сыщигъэсфIам щыгГуэ. Еджэным, тхэным ехьэлIауэ абы къызэта дерсхэр къызэрысуэщхьэпам щэч хэлъкъым. Зи къуалкъуащхуэхэмкIи, зи творчествэ лъэщымкIи ди республикэмэ къэралми щыщIэрыIуэ Кlыщокъуэм и ущиехэр акъылкъызыхэпхын дерсышхуэт. Мис а 1956 гъэм къыдыщIэдзауэ си гъащIэм нэгъуэщI зыгуэру зихъуэжауэ къыслщыхъуу сыкъэхэрIуэжкIыжауэ, си щхьэм ехьэлIа етIуанэ гуапагъэри гуГыптэри дэслъэгъуащ сэ Алим.

Ар къыщыхъуар ди адэр дунейм щекIыжа 1978 гъэм а гуауэр здигъэпсынщIэу къыс хуигъэхьа телеграммэ ращ. Абдежи щнухакъым сыт щыгГуи Кlыщокъуэм дэслъэгъуа щIыхугъэ щапхъэр: си сымаджагъэ Iуэхукlэ Мэкъуу сыкъыщыщIухута 1981 гъэми щIыщIакIуэ нысхуэкIуат къэралым и тхакIуэхэм я Литературэ фондыр зи Iэмыщ1э илъ, СССР-м и Iэкалуэхэм я союзым и секретарь Кlыщокъуэ Алим. А лIы щэджащэм зэрихьа къулыкъушхуэхэмрэ абы иIа фIэлIыкIи инымрэ я сэбэпи мызэ-мытIэу къыззкIащ: къэралым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкI сьсэдхэм зэпымыуэу хьэщIэу срагъэблагъэу зэрыщытари зи фIыгъэр Кlыщокъуэ Алимщ. Ахэр пщыгъупщэмэ, уфIыщIэмыщIу аращ.

Алим и гулыгIэу нэгъуэщIхэми иIыгъ: куэд слъэгъуащ сэ. Слъэгъуа къудейкъым - сэри апхуэдэ Iуэхущафэ дахэхэм сыщыхишэ щыIэт. Псалъэм папщIэ, сэркIэ гукъинэжщ

1959 гъэм абы дэслъэгъуа щIыхугъэр. Ар зэхъэлар Кlэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащ1э Амыр хьант.

- ГъащIэ зиIэм уахIыгы иIэщ, жи. Къеджэкlи тхэкlи зымыщIэ а дадэ Iущым бгъэдэлъ губзыгъагъэр, абы и хьыбар къомыр, гукIэ зэхилъхьауэ и щхьэм иIъ усэхэр, уэрэдхэр лъэпкъым къыхуэгъэнэн хуейщ, - жери мазэ псокIэ Амыр-хъан сыбгъэдэссыну Кlэхъун сигъэкIуауэ щыгащ. Алим щыуатэкъым: ХьэхъупащIэм къыпхуиIуатэ хэм, уигъэтхэм гъуни нэзи ямыIэр Кlыщокъуэм дэплъеймэ, щымыуэну къысщохъу. Сэри хуэпсапIэу аращ сиIэр.

А щIыху тельыджэм дэслъэгъуа гуапагъэр, гуГыптэр си деж къыщыщIэздзэнщ. Литературэ институтым и етIуанэ курсым сыщIэсу арат Мэкъуу Iуэхукlэ нэкIуа Алим сыкъынгъуэту сыщигъэсфIам щыгГуэ. Еджэным, тхэным ехьэлIауэ абы къызэта дерсхэр къызэрысуэщхьэпам щэч хэлъкъым. Зи къуалкъуащхуэхэмкIи, зи творчествэ лъэщымкIи ди республикэмэ къэралми щыщIэрыIуэ Кlыщокъуэм и ущиехэр акъылкъызыхэпхын дерсышхуэт. Мис а 1956 гъэм къыдыщIэдзауэ си гъащIэм нэгъуэщI зыгуэру зихъуэжауэ къыслщыхъуу сыкъэхэрIуэжкIыжауэ, си щхьэм ехьэлIа етIуанэ гуапагъэри гуГыптэри дэслъэгъуащ сэ Алим.

Ар къыщыхъуар ди адэр дунейм щекIыжа 1978 гъэм а гуауэр здигъэпсынщIэу къыс хуигъэхьа телеграммэ ращ. Абдежи щнухакъым сыт щыгГуи Кlыщокъуэм дэслъэгъуа щIыхугъэ щапхъэр: си сымаджагъэ Iуэхукlэ Мэкъуу сыкъыщыщIухута 1981 гъэми щIыщIакIуэ нысхуэкIуат къэралым и тхакIуэхэм я Литературэ фондыр зи Iэмыщ1э илъ, СССР-м и Iэкалуэхэм я союзым и секретарь Кlыщокъуэ Алим. А лIы щэджащэм зэрихьа къулыкъушхуэхэмрэ абы иIа фIэлIыкIи инымрэ я сэбэпи мызэ-мытIэу къыззкIащ: къэралым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкI сьсэдхэм зэпымыуэу хьэщIэу срагъэблагъэу зэрыщытари зи фIыгъэр Кlыщокъуэ Алимщ. Ахэр пщыгъупщэмэ, уфIыщIэмыщIу аращ.

Алим и гулыгIэу нэгъуэщIхэми иIыгъ: куэд слъэгъуащ сэ. Слъэгъуа къудейкъым - сэри апхуэдэ Iуэхущафэ дахэхэм сыщыхишэ щыIэт. Псалъэм папщIэ, сэркIэ гукъинэжщ

1959 гъэм абы дэслъэгъуа щIыхугъэр. Ар зэхъэлар Кlэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэ усакIуэ Хьэхъупащ1э Амыр хьант.

- ГъащIэ зиIэм уахIыгы иIэщ, жи. Кlыщокъуэ Алим и фэеплъу

● Пщэдей Кlыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэщ

КъБР-м и тхакIуэхэр Ростов щохьощIэ. *Сэмэгумкlэ къыщыщIэдзауэ:* **Кулиев Къайсын, Кlыщокъуэ Алим, Щоджэнц Iуэдам, Шолохов Михаил, Гуртуев Бер, Щомахуэ Амырхъан, Теунэ Хьэчим.** *1965 гъэ*

СССР-м и УнафэщI Хрущёв Никитэ Кlыщокъуэ Алим йопсалъэ. *Москва, 1963 гъэ*

Адыгэхэм я Дунейпсо зэIущIэщхуэм и лэжьыгъэм хэтщ Къалмыкъ Юрэ, Кlыщокъуэ Алим, Бэчыжь Iелэ, Мамхэгъ Михаил, Джэрым Аслъэн сымэ. *Налшык, 1991 гъэ, накъыгъэм и 20.*

Щхьэлыкъуэ къуажэм Алим къригъэблэгъащ Бэчыжь Iелэ, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид сымэ. *1984 гъэ, бадзэуэгъуэм и 23.*

ЛъагапитIым ябгъурытщ

Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я иджырей усыгъэм теухуауэ доклад щIыным, Кlыщокъуэ Алим усакIуэ куэдым къахигъэбелджылькIауэ щытащ усэ пшыналъхэм я лъагапитI. Ауэ, пэжым ухуейми, а лъагапитIым ябгъурытщ зи поэзие налкъутымкIэ щIыхуэхэр зыгъэгуфIэ, щIыхубэ псоми я деж пщIэрэ щIыхьрэ щызыгъэуэта езы Кlыщокъуэ Алими.

ПОЛТОРАЦКИЙ Виктор.

НехьэкI-къехьэкI хэмылъу

Кlыщокъуэ Алим и романым къежьажэр дихьэхащ ар гъащIэм, щIыхугъэм ехьэлIа мыхьэн ин дыдэ зиIэ Iуэхугъэушхуэм тегушхуауэ зэрытепсэлъыхьым. ГъащIэм и пэжыр нехьэкI-къехьэкI хэмылъу къэгъэлъэгъуэным тхэкIуэм зыщидзэкрЗым. ЦIыхухэм хэкум хуаIэ лъагъунытэ иныжкIэ, социалистическэ интернационализмэм и къару лъэщымкIэ псычащ романыр.

ЛОМИДЗЕ Георгий.

ИгукIи и пэжIи

Кlыщокъуэ Алим игукIи и пэжIи адыгэлIщ, ауэ абы и къалэмыпэм къыщIэкI усэ сатырхэр езыр къызыхэкIа лъэпкъым и щыфэлIыфэр къэгъэлъэгъуэным и къэурыхым къыщыззэтеувыIэркъым: абы и усэхэм гукъинэжу нэрылъагъу ящI обществэщIэр зыхуэдэр, щIыхум и гъащIэр, и дунейр, ар емыщIу Iуэгуфэщ1эхэм зэрыхущIэкъур, мурад инхэм зэрыщIэбэныр, абы и пщэдейр зэрыззIуБзыр.

ГРИНБЕРГ Иосиф.

Яп1э тхыль - яп1э ехьулIэныгъэ

Къэбэрдей тхыдэ прозэм и художественэ ехьулIэныгъэ нэхъ ин дыдэщ Кlыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нурэ, «Мазэ и пкIыгъуэ щхьэунтIэ» романхэр... Къэбэрдей литературэм революцэмрэ граждан зауэмрэ теухуа и яп1э ехьулIэныгъэхэу уващ а дилогием и яп1э тхылъыр. Октябрь революцэ иным Урысей псом дежкIэ иIа мысхьэнэпхуэм, абы и щыфэлIыфэу щытахэм къадэкIуэр, романым къыщыгъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Совет властыр зэрыщыува щIыкIэм и Iуэхугъуэ пыухыкIахэр.

ПАРХОМЕНКЭ Михаил.

ГурыщIэ къабзэ

Дэ къызэрытщыхъумкIэ, Кlыщокъуэм и романыр («Хъуэпсэгъуэ нурыр») гумрэ псэмрэ дыхьэу, гурыщIэ къабзэкIэ псыхьауэ зэрыщытыр, бзэ купщIафIэкIэ къызэрыIуэтар щыхьэт токъуэ усакIуэм бгъэдэта талантым.

МКРТЧЯН Левон.

Сыт щыгъуи

Кlыщокъуэ Алим гъуэзэджэу щыгъуазэщ къызыхэкIа лъэпкъым и гъащIэм. Абы и гуаэрри, и гуфIэгъуэри псэкIэ зыхещIэ. ГъащIэм и къэхъуэкъащIэхэм ар сыт щыгъуи хуэнабдзэгубдзапльэщ.

ОГНЕВ Владимир.

Ильэс къэс

Къэбэрдей поэзием зиужьынымкIэ мыхьэнэщхуэ яIэщ Кlыщокъуэ Алим и усыгъэхэм. Ильэс къэс зеузэщI абы и Iэзагъэм, ар зытепсэлъыхь Iуэхугъэущхуэхэм я къэухьым зэпымыуэ заубгъу.

...Кlыщокъуэм и романым («Хъуэпсэгъуэ нур») и закъэущ, къэбэрдей, кавказ литературэхэр дэнэ къэна, совет литературэ псор къапщтэмэ, апхуэдэу убгъауауэ, зыпкъыкъуэ куэд къызэщIиуфыдэу большевикхэмрэ щэрихьэтым и Iуэмэтым итхэмрэ яку илъа бэнэныгъэм зэкIэ тепсэлъыхьауэ щыIэр.

ГОФФЕНШЕФЕР Вениамин.

Къела къудейкъым

...Си нэкIэ слъэгъуащ Алим лIы хуэдэу Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIыгъар. Абы иужькIэ дапщэрэ Кlыщокъуэм и усэ сыкъемыджами, си нэгум къыщIыхьэрт Алим Iуащхьэмахуэ дэкIыу зэрысльэгъуауэ щытар. Дэтхэнэ зы тхьапылIэри тынш щIыкIуу къехъулIакъым Алим. Зауэм и мафIэ лыгъэм къилыгъауэ, гуэрвэгъуэ Iэджэм и гур ираудауэ, и ныбжьэгъу балъкъэрхэм къатепсыха гуауэшхуэм иужьыгуауэ и дуней гъа щIэр кIрихьэкI пэтми, Алим а псоми къелащ, къела къудейкъым - абы дэгъуэу къехъулIэ Iуащхьэмахуэ щыгур пщIэрэ щIыхькIэ къыльызыгъэсыну тхылъыщIэхэр...

Езы Алим щыслъагъуКIи, абы и тхылъхэм сыкъыщеджэкIи си нэгу щIэтщ Кавказым и щIыпIэ. Ар къуалкъуэ щIыхьэ лIы щэджащэм и тепльэр.

ГУЛИА Георгий.

Шу

Кlыщокъуэм и творчествэм эпымыуэу дызыщIрихьэлIэ шум и образыр кууэ икIи гъунапкъэншу зэрыщытыр къыдгурыIуэн хуейщ: ар зэщхьыр уви Iэгъуэ зимыIэу кIэрахьуэ дунейращ, ауэ щыхьуэкIи, нэр темыпыIэу гъэзгум тетщ а шур, ар зэрымыуэ ныIэм хуэдэу, езы усакIуэм абы и акъылымкIэ, и псэмкIэ къигъэщI лIыхьыжьхэм увыIэгъуэ яIэкъым. Ахэр къэувыIэмэ, дунейр, гъащIэр псэншэу я пIэм кIина пэдыгтэщ.

АЛЕКСЕЕВ Михаил.

Лъабжьэ быдэ

Кlыщокъуэ Алим и усыгъэхэм укъыщеджэкIэ занщIэу гу лъотэ: абыхэм къуэпс, лъабжьэ яхуэхъур езы усакIуэр къызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэхэмрэ Iуэрыдуатэхэмрэщ... Ауэ лъабжьэ быдэ зыгъуэта жыгым зэрызижьым, зэрызиIэтым ещхьу, КIыщокъуэм и усыгъэхэм я къуэпсхэм задзэм, я жьауэр ин хьуэрэ, абыхэм дунейпсо усыгъэм утыкушхуэ щагубыдаш... Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кlыщокъуэ Алим, сэ къызэрыщыхьумкIэ, ди лъэхъэнэгъуэ усакIуэхэм я нэхьыфI дыдэхэм, я нэхь ин дыдэхэм, зи усыгъэхэр нэхьыбэ дыдэрэ зэрадзэкIхэм ящыщ зыщ.

СОЛОУХИН Владимир.

Хьэл-щэн дахэ

Алим сригъусэу, ар ныбжьэгъу пэжу сиIэу ильэс зыбжанэ хьуауэ сыкъокIуэкI сэ. Набдзэгубдзапльэу Кlыщокъуэм укIэдыжьлIэ, гу лъмытэнкIэ Iэмал иIэкъым - ар гъащIэм и узэщIакIуэ, зэпымыуэ зыгъэр зылэжь цIыхущ. Гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы гъащIэм хуиIэ лъагуныгъэщхуэм, жьыдэру, ешрэ пыIэгъуэрэ имыIэу ар гъащIэм хуоIажьэ. А хьэлщэн дахэр - зэпымыуэ гъащIэм хуэдэжьэныр - усакIуэм и узэщIакIуэ, зэпымыуэ зыгъэр зылэжь цIыхущ. Гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы гъащIэм хуиIэ лъагуныгъэщхуэм, жьыдэру, ешрэ пыIэгъуэрэ имыIэу ар гъащIэм хуоIажьэ. А хьэлщэн дахэр - зэпымыуэ гъащIэм хуэдэжьэныр - усакIуэм и творчествэм къыщыгъэльэгъуа тхакIуэщ. КIыщокъуэ Алим и макъыр Совет Союзым и дэнэ щIыпIи щызэлъащIысащ. И псэм хуэдэу ильагъу къызыхэкIа лъэпкъым и щIыхьыр абы дыдэгъу ящIэтащ. КIыщокъуэ Алим и фIыгъэкIэ лъэпкъ куэдым зыхащIащ къэбэрдей адыгэм и псэм и Iэфlагъыр, лъэпкъым и гупыIэр, гъащIэм зэрыхуэнэхъуеинщэр, лъэпкъым хэлъ гуапагъэр, лIыгъэр.

КУЛИЕВ Къайсын.

Алыхьыр зыхуэупса

СщIэжыркъым Адим дэрэ дызэрыщIыхуу ныбжьэгъу дыщызэхуэхъуар. Си гугъэмкIэ, ар къыщыхъуар тIури зи мафIэ лыгъэм дилыпщIа Хэку зауэшхуэм щыгъуэщ. Ауэ ныжькIэ Алим сыщримыгъусари сщIэжыркъым. Апхуэдэу щIэхъуар тIури зы махуэм, бадзэуэгъуэм и 22-м дыкъызэралъхуарагъэнщ. Араущ къыщIэкIынщ зэи дызэфIэмыкIуэдыжьну дэ тIури дызэпызыщIари.

Алим Алыхьым и пащхьэм къикIа усакIуэщ. Алим Алыхьым и пащхьэм къикIа тхакIуэщ. Сэ абы и уэ куэд гукIэ сощIэ. Сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ абы и прозэ тхылъхэр зыхуэдэми.

ТхакIуэ ЕщIагъэр Алыхьым къызэрыритам хуэдабзэу, Алим Алыхьыр къыхуупсат щIыхугъэ телькIдэжкIи. Пэжщ, а цIыхугъэ нэсым къежьапIэ хуэхъуар Алим къэзылъхуахэмрэ ар къызыхэкIа лъэпкъымрэщ...

БАРУЗДИН Сергей.

"Мывэ хуабэ" усэ тхылъыщIэр Алим и анэ Куэз тыгъэ хуещI. *Щхьэлыкъуэ къуажэ, 1964 гъэ*

Шу закъуэ

(Балладэ)

1

Псыщхьэр еубыдри, Благъуэм -
псынщэу кьеГанэ жылагъуэр.

Джатэпэрыкъэу шуующэ,
зым яп1э зыр ящу,

йобгъэрыкIуэ Благъуэм,
благъуэ абрагъуэм!

Благъуэм едз псы Iуащхьи -
шу хыщIыр зэуэ эятрегащIэ.

Къэнэжа шу пIлыщIыр
йобгъэрыкIуэ щIэрыщIэу.

Аргуэру едз псы Iуащхьи -
шу щэщIрэ бгъур эятрегъащхьэ.

Шу закъуэ псэууэ къэнэжар -
ари мэлыхьхэу ажал:

йокIуэт, зыгъэщIекъуэгъэ -
йоль, кьыхихыу гьуэзыр!

Ар егъэщIагъуэ Благъуэм,
Благъуэм ар егъэщIагъуэ:

- Мо шу факьыр1э закъуэр,
хьарып, делауэ, мэжакъуэ!

2

Шу закъуэм факьыр1э зимыбж.
Шу закъуэм икIуэт имыхабзэ.
Благъуащхьэр фIихьну и нитщ.
Шынагъуэу и джатэр егъабзэ.

Ауэ ар Благъуэм джжIэ -
хьэпIащ, зхуипIэщIэдж?
Ауэ сытми зы жьгьеI дыдэщ -
мещIымщ е тхьэгъэлэджщ.

Кlыщокъуэ Алим и фэеплъу

3

ФIэпсэкIу эдущ мо цIыкIужьейм
щIонакIэ Благъуэ домбейр:

- Сыт мыгъуэ уэ пльэкIын!
Уэ ужьгьейщ, уи гугъэр инщ.

Си джжIэ сыт - зы цIыв!
Упсэу щIыкIэ - кIуэжи нэхьыфIщ.

ЦIыв щхьэкIэ зызгъэхъеин сощхьэх.
Унэ уиIэмэ - кIуэж, зыIуегъэх!

Шу цIыкIум:
«Зэ, умыпIащIэ,
сыкIуэжьынкъэ - уи щхьэр пызупщIмэ?»

Благъуэр мэдыхьэшх: «Хьа-хьа-хьа!
Апхуэдэ къару уэ дэнэ кьипха!»

- Уэ, благъуэжь абрагъуэр,
уи ныбэрщ уэзрыпагэр!

Уи ныбэрщ уэзрыиныр:
псыр бубыдащ, ткIуэпс къэмынэу!

Уэ кьыпщохьу: сэ сыжакьуэу;
уэ кьыпщохьу: сэ си закъуэу.

ЗэгъащIэ: си джатэ Iэпщэкьур
зыIыгъыр сэрмыра - си хэкурщ!

Птездзэну удыныр мымахэ:
си щIыб кьыдзэтщ си лъахэр!

Ди цIыхухэм я къару зэкьуэтырщ -
а уи щхьэ нэщIыр зыкьутэнур!

Дапхуэдизэ удэ кьыщыкIми ди щIым -
я махъэр сэ кьызат, лъэщ сищIу!

Дапхуэдизэ жьыг ди щIым кьыщыкIми -
саIыгъыу, си Iуэхущ уэ сипщIыкIым!

Абыи я закъуэ! Езы дыгъэр
нобэ есу хэсыну - псым щыгугъырт.

Псыр кьэутIыпщ! Псыр куэдым эздайщ!
Сэ а бэм сраIыкIуэ кьудейщ.

Нобэ, с лъокI жьпIэу, Бэм иумых лей -
ар мину упшынькьынщ пщэдей!

4

Благъуэр губзыгъэкьым, - бзаджэщ;
гунтIщхьитI хьуащ, ауэ ебзыщI:
- Уэ цIыкIужьейм кьыубжюр
кьанэ щымыIэу пщIыщ!

Уэ жьгьейр упщIыупси...
- Хьэуэ!
- ЖьпIэр, кьанэ щымыIэ у, пщIыщ:
сынодаIуэрэ - гьусэ уи куэдщ,
сынопIлри - сльагъур уэ зырщ...

Шу закъуэм пщIыупсу зимыбж.
Шу закъуэм икIуэт имыхабзэ.
Благъуащхьэр фIихьну и нитщ.
Шынагъуэу и джатэр егъабзэ.

ГуащIэу зрэ ч шу закъуэм.
И джатэр биищхьэм трегъапщэ
(ар зэбгъэрыкIуэм абы хуэдизу
жьэдидзэфынур мин дапщэтI..)

Дыгъэм кьеутIыпщ зы бзий жан -
лIыхьужьым и джатэм кьеIусэу.
Бзийр, мэльеижри, Благъуэм
и нэм зыхесэ - маисэу!

Благъуэр кьоскIэ,
Благъуэр кьощтэ,
афIэкIа хэмыльуи, зещтэ,
зещтэри - макIуэ-мэльей:
- Дыгъэр зи гьуэсэм удэмыджэгу...
Абы пэльэщын темыт мы дунейм...

2006 гъэ

КЪЭЖЭР Хьэмид

Адыгэ лъэпкъым куэд хуалэжьащ Бэрбэч ХьэтIутIэрэ Кlыщокъуэ Алимрэ. *Сурэтыр 1962 гъэм трахащ.*

Мэлыгъэхъуэ махуэм Мэлыхъэдис

● Чэнджэщхэр

Нэхъ Іэфі мэхъу

Хадэхэкіхэм къыхэщІыкІа хьэнтхъупсыр нэхъ Іувыху витамин С-р нэхъ хьума щохьу.

* * *

Хьэнтхъупсым шыгъур ебэкІамэ, щэкІ кІапэм прунж Іэбжьыб кІуэщІыльу хыболъхьэри, къыбоГъэкъуалъэ.

* * *

Макаронымрэ прунжымрэ шэм фІыуэ зэрыхэмывыхьым къыхэкІкІэ, а хьэнтхъупсхэр яп щыкІэ дакъикъи 3-6-кІэ псы мащІэкІэ гъэвэн хуейщ. Щэр щыхэпкІэнур нужькІэщ.

* * *

Хьэнтхъупсыр махуэ бжыгъэкІэ щытауэ уефэнэр зэгъэкъым, хэлъ витаминхэр махуэ кІэ нэхъ мащІэ мэхъури.

* * *

КІэртІоф е макаронхэкІ зыхэмылъ хьэнтхъупсыр нэхъ Іув икІи Іэфі Іхъунущ хьэжыгъэ гъэжьа тІэкІу эхэплхьэмэ.

● ЗэвгъэщІыху

Жыг лІэужьыгъуэхэр

Сорвейр жыгым жэм жыгкІи йоджэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы и фэр тІэкІу зэрыдэбгъэкІыну псы къыщІэжу щІедзэ, ар и пльыфэкІи, и Іэфі Іагъкіи жэмышэм ещхьщ. Абы псы хакІэ, къагъэкъуалъэри, жэмышэм и пІэкІ ираф. А жыгым мелуан бжыгъэкІэ Амазон щІыпІэ тафэм уцрохьэлІэ. Жыг къэс псы литритІ - плы къащІокІ.

Венесуэлэм и мэзхэм къуду къыщокІ «шэ» къэзыт жыг лІэужьыгъуэхэр. Абы-хэм къащІэкІ «шэр» сорвейрым ейм йофІэкІ, зыри иумыщІэу пшхы, ерыскъым эхплъхьэ мэхъу.

* * *

Секвойер сыт щыгъуи щхьэантІэ жыг лІэужьыгъуэхэм ящыщщ. Ар США-м хыхьэ Калифорние, Орегон Ипщэ бгылъэ зэпыщІэхэм къыщокІ. Иджыпсту узрихьэлІэ а жыгхэм я нэхъ инщ Гумбольдц пщыгъуэм къыщагъэтар. Абы и льагагъыр метри 125-рэ мэхъу. А жыгым нэхърэ Іэпсльэпсым щыщ. **29.** ЯщыкъыкІэу Іэщ. **15.** ТхъэмащІыгъум къыхэкІ ткІуаткІуэр зэрыт шэрыб. **17.** Чыбжэгъу набжэ. **18.** Пхъэ кІапэ. **22.** Блыниджабэми фІадзэ, пъэгуми иралъхьэ. **23.** Нарт лІыхъужь. **24.** Ди зэманым зекІуэ ахъшэ. **28.**